Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana anoenda kuchikoro, wemakore gumi nemanomwe. Ndine musikana, uye takatanga kurara tose mwedzi mishoma yapfuura. Pazororo rezvikoro rapfuura, ndakashanyira sekuru vangu kuBulawayo uko kwandakanosangana nemumwe musikana panze pebhawa. Takarara tose kamwe chete. Pandakazodzoka kumba ndakabva ndaita chirwere chenjovhera.

Muzvidzidzo zvedu zve-*science* takaudzwa kuti unofanira kutaurira mudiwa wako kana uchinge wabata njovhera. Izvi ndakambozviverenga mune mamwe magwaro zvakare. Asi, sei ndichifanira kutaurira musikana wangu? Anozonditsamwira. Haakwanisi here kuzozvionera ega kuti pane chakaipa pandiri paya patinenge tava kurara tese, ndisina kutombomutaurira? Handidi kusiiwa nemusikana wangu. Ndoita sei?

Leroy

- Leroy anofanira kutaurira musikana wake here? Chii chinogona kuitika kana akasamutaurira? Ko kana akamutaurira?
- Ndezvipi zvawaida kuti Leroy aite dai waiva iwe musikana wake?
- Unganzwa sei kana mukomana kana musikana wako akarara nemumwe munhu? Ungaita sei?
- Chirwere chenjovhera chinowanikwa zvakawanda zvakadii muvanhu vechidiki vaunoziva? Chii chinokonzera izvi? Zvingadzivirirwe here izvi?
- Ungakwanisa here kuona kuti munhu ane chirwere chenjovhera? Ndezvipi zvinhu zvinotaridza kuti munhu anayo (kuvarume nekuvakadzi)?

Wadiwa Leroy

Kurara nemunhu zvinoreva kuti mumwe nemumwe wenyu muri vaviri ane chekuita nemumwe. Haufaniri kumbofa wakaisa mudiwa wako munjodzi, saka zvakakosha kuti utaurire mudiwa wako kuti ugomuchengetedza kunjodzi yeurwere hunogona kuuya hwakaoma, huine njodzi. Uyewo, kana aine njovhera, akasarapwa, anokwanisa kuzokupawo njovhera yacho zvakare.

Zvirwere zvenjovhera zvakasiyana-siyana, uye zviratidzo zvenjovhera zhinji hazvisi nyore kuona. Vakadzi pavanobata njovhera, kazhinji vanogara kwenguva refu vasina zviratidzo.

Nekudaro, ona kuti mose muri vaviri marapwa. Kumbira murapi kuti akupe tsamba inozivisa kuti munhu ane njovhera, (uye tsamba yemukadzi akakupa njovhera wacho kana uchikwanisa kuzomupa). Musikana wako achazoenda netsamba yacho kukiriniki, onorapwa sekurapwa kwaunoitwa iwe, pasina anomubvunza mibvunzo. Musashandisa mishonga yemunhu mumwe chete muri vaviri, uye pedza mushonga wawakapiwa kunyange zviratidzo zvenjovhera zvapera.

Iwe nemusikana wako munofanira kutaurirana nezvekushandisa makondomu pese pamunorara mose. Ndiyo nzira chete yekudzivirira njovhera. Ramba uine mudiwa mumwe chete, uye, sezvo wakamborara nemunhu usina kuzvidzivirira, funga nezvokunoongororwa HIV.

Pane zverudo rwenyu – tauriranai pachena zvamunotarisira kubva kune mumwe. Chokwadi nechivimbo zvinhu zvakakosha paukama hune mufaro. Muve nerombo rakanaka mose muri vaviri.

Tete Stella

- **MUTAMBO WEKUYEDZESERA:** Panodikwa mukomana nemusikana. Leroy afunga zvekutaurira musikana wake kuti ane njovhera. Chii chinoitika? Makatarisa zvose zvamava kuziva, dai waiva Leroy, waitaurira mudiwa wako kana kuti vadiwa vako kuti une njovhera here?

- **BASA ROKUITA:** Gadzira chionwa chinotaridza nzvimbo (*map*) dzose dzaunoziva kunogona kutorwa makondomu nevechidiki munzvimbo menyu. Ipa mhinduro kumibvunzo inotevera, wakatarisa nzvimbo yega yega:

  a Makondomu acho anopiwa pachena here kana kuti anobhadharwa?
  b Unofanirwa kuva wezera ripi kuti ugokwanisa kuapiwa?
  c Vasikana vanoapiwawo here?
  d Makondomu evakadzi anowanikwa here?
  e Varapi vacho vanobata vechidiki zvine chiremera here?

  Ipa nzvimbo yega yega zvibozwa zviri pakati pe-1 ne-10, zvichibva nemhinduro yawapa panzvimbo yacho.

  Kana chionwa chako chichitaridza kuti vechidiki vemunzvimbo menyu havakwanisi kuwana makondomu pachena, zviri nyore, ndezvipi zvamungaita kupagadzirisa apa? Ndevapi masangano kana vanhu vangabatsira?

- Tarisa makadhi 7 ne-13 ayo ane rumwe ruzivo rwezvenjovhera.